# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु मन की बात कार्यक्रम क एक सौ सोरहवीं कड़ी में कहलें कि एक पेड़ मां के नाम अभियान पाचें महिन्ना में सौ करोड़ पेड़ लगावे क खास मोकाम पा लिहले हौ। प्रधानमंत्री येह अभियान में पूरा देस से लोगिन के हिस्सा लिहले पर खुसी जतवलें। उहां के उत्तर प्रदेस के कानपुर प्लागर्स ग्रुपो क प्रसंसा कइलीं। ई ग्रुप भिन्नहीं सैर के दौरान गंगा के किनारे पलास्टिक आ अउरियो कचरा एकट्ठा करे ला। प्रधानमंत्री कहलें कि ई कोसिस स्वच्छता अभियान के गति देवे वाला हौ। श्री मोदी कहले कि आजु राष्ट्रीय कैटेड कोर–एनसीसी दिवस हौ। उहां के कहलीं कि एनसीसी नौजवानन में अनुसासन, नेतृत्व अउर सेवा क भावना पैदा करे ला। उहां के कहलीं कि एनसीसी के मजबूत कइले क लगतारे कोसिस हो रहल हौ। उहां के निस्वार्थ भाव से समाज बदे काम करे वाले नौजवानन के बारे में बाति कइलीं। उहां के डिजिटल जीवन प्रमाण पत्र के मामिला में बुजुर्गन क सहायता करे वाले लखनऊ के विरेन्द्र क तरीफ कइलीं। मन की बात कार्यक्रम क प्रासारण के बनारस, कानपुर, कुशीनगर, गोरखपुर के सथहीं कई जिलन में सुनल गइल।

**********

सम्भल में आजु जामा मस्जिद क दोबारा सर्वे करे गइलि टीमि पर पथराव, आगजनी अउर फायरिंग में तीनि जने क मउति हो गइल जबकि कई गो पुलिसकरमी घाही हो गइलें। हालति तनावपूर्ण बाकिर काबू में हौ। मौका पर ढेरि संख्या में पुलिस बल तैनात कइल गइल हौ। कमिस्नर आंजनेय कुमार सिंह अउर डीआईजी मुनिराज के सथहीं अउरियो अधिकारी इलाका क भ्रमण कइलें। पत्थरबाजन के चीन्हि के पुलिस कर्रवाई कइ रहलि हौ। मण्डलायुक्त आंजनेय कुमार सिंह बतवलें कि कोर्ट के आदेस पर सान्ती के साथे सर्वे क काम होत रहे, येही दौरान कुछु लोगि जामा मस्जिद के बहरे नाराबाजी करे लगलें। पुलिस के रोकले के कोसिस पर भीड़ि के ओरि से पत्थरबाजी अउर फायरिंग सुरू कइ दिहल गइल। एहमें तीनि जने क मउति हो गइल। कई जने के हिरासति में लिहल गइल हौ। उपद्रवियन में मेहररूओ सामिल रहलिनि।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद क तीनि दिवसीय राष्ट्रीय अधिवेसन के समापन समारोह में कहलें कि ज्ञानवान अउर सीलवान बनले के साथे विज्ञान अउर तकनीक के अनुकूल हो के समय के हिसाबि से समझल जरूरी हौ। समय के दुरगती से बचे बदे जरूरी हौ कि विज्ञान अउर तकनीक से भगले के बजाय एकरे अनुकूल खुद के तइयार कइल जाय। येह मौका पर मुख्यमंत्री ट्रेनिंग एण्ड एजुकेसनल सेंटर फॉर हियरिंग इम्पेयर्ड–टीच, थॉणे मुंबई के सह–संस्थापक दिपेश नायर के प्रोफेसर यशवंत राव केलकर युवा पुरस्कार से सम्मानित कइलें। कार्यक्रम क अध्यक्षता एबीबीपी क राष्ट्रीय अध्यक्ष प्रोफेसर राजशरण शाही कइलें।

**********

काशी से तीर्थराज प्रयाग में महाकुंभ दुइ हजार पचीस खातिर जाये वाला सज्जो बस एक्के रंग में देखाई दीहें। एहसे दुरहीं से महाकुंभ के बस के चीन्हल जा सकी। बनारस परिक्षेत्र के आठ डिपो से तीनि सौ बीस बस महाकुंभ मेला बदे दीहल गइल हौ। जनौरी में होखे वाला महाकुंभ में सरधालुअन क ढेरि संख्या के देखत प्रदेस सरकार तइयारियन में जुटलि हौ। उत्तर प्रदेस राज्य सड़क परिवहन निगम बनारस क क्षेत्रीय प्रबंधक बतवलें कि यात्रियन बदे बस स्टेसनन पर हेल्पडेस्क चउबीस घंटा सक्रिय रही।

**********

अजोध्या में श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क बइठकी दुसरको दिन्ने जारी है। राम मंदिर क सिखर अउर परिसर में अउरियो मंदिर जनौरी ले पूरा कइले क तइयारी हौ। मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र बतवलें कि येह महिन्ना के आखीर ले पत्थर लगवले क कार पूरा हो जाई। मंदिर के सिखर में पचपन हजार क्यूबिक फीट अउरियो पत्थर लगी। निर्माण में आठ सो मजुरहा लगावल गइल हवें अउर ई संख्या दुगुन्ना कइले क निरदेस दिहल गइल हौ।

**********

उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक अउर राज्य मंत्री बलदेव सिंह औलख आजु लखनऊ के चमरौली में खालसा कॉलेज में सौ बेड वाले गुरूनानक अस्पताल क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर श्री पाठक कहलें कि सिख समाज समाज सेवा के क्षेत्र में अतुलनीय जोगदान दिहले हौ। उहां के कहलीं कि उन्नाव में गांव के आसपास इलाज बदे बढ़ियां संस्थान क जरूरति रहे, एहसे उन्नाव के लोगिन के बहुते फायदा मिली।

**********

दसमोत्तर ओजीफा पवले से छूटि गइल सामान्य वर्ग क सात हजार चारि सौ सोरह विद्यार्थियन बदे समाज कल्याण विभाग सतरह करोड़ रूपिया जारी कइले हौ। प्रदेस क समाज कल्याण राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार असीम अरूण आजु लखनऊ में बतवलें कि दुइ हजार तेइस–चउबीस में ओजीफा से छूटल सामान्य वर्ग क विद्यार्थियन बदे सतरह करोड़ रूपिया मंजूर कइल गइल हौ।

**********